

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa kumelendang di alam dunya tinangtu ngaliwatan sasabaraha mangsa, ti mimiti orok, budak, rumaja nepi ka sawawa. Tina sababaraha tahap tadi tangtu aya hiji tahapan anu gedé pangaruhna pikeun nyorang mangsa kahareupna, saperti mangsa keur budak, kumaha cara atikan kolot ka nu jadi budak bakal mangaruhan kana tahapan satulunya.

Ku lajuna mangsa, réa pisan kolot anu ngantep kana kamekaran budakna, sabab geus ayana *modernisasi* anu ngabalukarkeun kahirupan nu leuwih *instan* tur leuwih dinamis anu pamustunganna barudak loba anu kurang atikanna sacara langsung ti nu jadi kolotna. Réa ogé barudak anu leuwih deukeut kana *gadget* dibandingkeun jeung kolotna. Sabada diasupkeun ka sakola tugas guru dina ngatik ngadidik barudak téh dianggap beuki beurat, lantaran tantangan di luareun dunya atikan gé sakitu banggana, misalna cara nepikeun ajén-inajén sastra pikeun kamekaran jeung pola pikir barudak sangkan saluyu jeung psikologisna anu mentingkeun kabagjaan, sakumaha fungsi sastra anu dijelaskeun ku Tarigan (2011, kc. 6) yén sastra teh méré kabagjaan, kasenangan, jeung kanikmatan pikeun barudak.

Dina enas-enasna, pangajaran sastra pikeun barudak téh dianggap hésé kacangkingna. Ku kituna, perlu ayana metode-metode anyar sangkan bisa ngahudangkeun jiwa sastra pikeun barudak. Saperti anu disebutkeun Burhan (Nurgiyantoro, 2010 kc.2) sastra téh minangka hirup jeung kahirupan, ngeunaan sagala hal ihwal ngeunaan hirup manusa, ngeunaan kahirupan di sabudeureun manusa, ogé ngeunaan laku lampah hirup anu diungkabkeun ngaliwatan ciri has basa anu bédá-bédá. Anapon *sastra anak* atawa sastra barudak téh hartina sastra nu jadi eunteung perasaan jeung pangalaman budak kiwari, nu bisa dititénan jeung dicangking ngaliwatan pandangan budak “*trough the eyes of a child*” (Tarigan, 2011 kc. 5). Saéstuna mah jiwa barudak dina tahapan kamekaran kognitif barudak sakola umur 10-12 taun saperti anu disebutkeun ku Tarigan (2011, kc. 44) nya éta,

barudak geus bisa nerapkeun kaéda-kaéda anu logis, penalaran, jeung operasi-operasi formal dina masalah jeung proposisi anu abstrak, kaasup dina widang kasusastraan.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan pikeun pangajaran para guru di sakola anu cocog pikeun barudak sabab, téks naskah drama *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana anu eusina basajan tur cocog pikeun psikologi barudak. Salian ti éta cocog ogé pikeun kamekaran émosional, inteléktual, jeung imajinasi barudak. Dina ieu kumpulan naskah drama téh aya genep judul naskah nya éta “Budak Leutik Bisa Ngapung”, “Sang Irik-irik Kijang”, “Geber-geber Hihid Aing”, “Hiji, Dua, Tilu... Gajleng”, “Sakadang Ténggék”, jeung “Seuhah Latalata”. Dina éta naskah di luhur eusina aya wangun sajak, kakawihan, kawih, jeung dangding, éta genep naskah téh diwangun ku lalakon anu basajan, nya éta dongéng barudak atawa kaulinan barudak.

Anu jadi cukang lantaran dipilihna naskah drama *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana téh alatan eusi dina sababaraha naskahna téh basajan tapi miboga ajén-inajén anu luhung pikeun barudak. Salian ti éta, loba dialog anu wangunna kakawihan jeung pupuh anu bisa dihaleuangkeun ku siswa anu ahirna siswa dianggap bakal kataji ku ieu naskah drama.

Nutmukéun Iskandarwasid (2003, kc. 135) sacara umum wangun karya sastra téh kabagi jadi tilu bagian, nya éta: (1) wangun lancaran (prosa), (2) wangun ugeran (puisi), (3) wangun pagumenam (drama). Dumasar kana genre (warna), karya sastra anu kaasup wangun lancaran (prosa) nya éta: dongéng, skétsa, carita pondok, roman, jeung novél. Anu kaasup wangun ugeran (puisi) nya éta: mantra (jangjawakan, singlar, asihan, jampé), kakawihan, sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), sair, pupuh, guguritan, jeung carita pantun. Sedengkeun nu kaasup kana wangun carita (drama) nya éta: sandiwara, opera, jeung gending karesmén.

Dina ieu panalungtikan, anu baris dipedar téh nya éta drama atawa gending karesmén. Drama asal kecapna tina *draomai* (Bs. Yunani) anu miboga harti ngalakon, ngalakukeun, ngalampahkeun, *bereaksi*, jeung sajabana. Cindekna drama miboga harti ngalalakon atawa hiji tindakan numutkeun Herymawan, 1988:1 (dina Hasanuddin, 2009, kc.2). Danadibrata (2006, kc. 175) nétélakeun yén drama beunang diasupkeun kana golongan sandiwara atawa tongtonan; carita drama

datang tina parasaan suka-duka nu dikandung jeung dikaluarkeun ku sipat seni dina panggung supaya katénjo gambaranana ku nu lalajo. Jadi, drama téh nya éta hiji lalakon atawa kajadian anu dipéntaskeun atawa dipintonkeun di panggung. Numutkeun Isnédés (1998, kc. 58) drama nya éta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog ajangkuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama. Gending karesmén numutkeun Suryalaga (1996, kc. 8) nya éta istilah husus di Tatar Sunda nya éta drama anu dialogna ditembangkeun (dikawihkeun) dipirig karawitan.

Pikeun nyangking jeung maham kana ajén-inajén, ogé cocog henteuna naskah drama pikeun barudak tangtu kudu ngaguar unsur-unsurna. Éta unsur-unsur téh diantarana: (1) tema, (2) plot/alur, (3) palaku, jeung (4) latar (Koswara, 2013 kc. 16). Salian ti éta, Isnédés (1998, kc. 70-71) ngabagi unsur eusi carita naskah drama kana salapan unsur, nya éta prolog, dialog, babak, episode, adegan, wawancang, solulokui, aside, jeung épilog. Ku kituna dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan struktural.

Koswara (2013, kc. 13) nétilakeun yén sacara étimologis, strukturalisme asal kecapna tina “struktur”, hartina nya éta ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur, éta hubungan téh digelar ku panalungtik tina hasil pangamatan. Éta kaitan atawa hubungan téh saéstuna anu nangtukeun sarta ngécéskeun saban-saban objék nu ditalungtik dina naskah drama murangkalih *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana.

Patali jeung bahan pangajaran, naskah drama *Geber-Geber Hihid Aing* dirasa cocog pikeun jadi bahan bacaeun siswa SD dina aprésiasi sastra. Pangajaran paguneman aya dina Kompeténsi Inti (KI) jeung Kompeténsi Dasar (KD) Kurikulum 2013 anu kaunggel dina Kompeténsi Dasar 5.1.1 *menerima anugerah Tuhan Yang Maha Esa atas penciptaan bahasa Sunda sebagai bahasa daerah dan unsur budaya bangsa serta alat komunikasi masyarakat penuturnya melalui teks deskripsi, pupuh, aksara Sunda, paguneman, bahasan, sajak, carita pondok, dan dongeng*. Dipiharep ngaliwatan ieu naskah drama siswa bisa leuwih wanoh kana karya sastra Sunda tur bisa ngajén ogé ngaaprésiasi kana karya sastra Sunda.

Panalungtikan ngeunaan naskah drama barudak can kungsi aya nu ngaguar, tatapi objek anu ditalungtik ngagunakeun kajian struktural mah loba, saperti

“Analisis Naskah Drama *Pajaratan Cinta* karya Dhipa Galuh Purba (Tilikan Struktural & Semiotika)” ku Néndén Popi Nurasyiah taun 2014, “Naskah Drama *Sanghyang Tapak* Karya R. Hidayat Suryalaga (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Irma Subantari taun 2015, “Naskah Drama *Jeblog* Karya Nazarudin Azhar (Tilikan Strukturalisme Génétik)” ku Yoséf M. Ibrahim taun 2015, “Analisis Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Naskah Drama *Kalangkang Urang* Karya Arthur S. Nalan” ku Wulan Nur Éryanti taun 2015.

Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta objék panalungtikan pikeun barudak. Ku kituna ieu panalungtikan anu judulna “Naskah Drama Murangkalih *Geber-Geber Hihid Aing* Karya Wahyu Wibisana dina Tilikan Struktural pikeun Bahan Pangajaran Paguneman di kelas V SD” perelu dilaksanakeun sangkan bisa méré sawangan ngeunaan sastra pikeun barudak.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, kapanggih rupa-rupa masalah. Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) struktur carita jeung struktur naskah drama *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana;
- 2) larapna struktur naskah drama *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana pikeun pangajaran paguneman di kelas V SD.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan ambahan panalungtikan teu lega teuing, ieu panalungtikan tangtu perlu diwatesanan. Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha struktur carita jeung struktur naskah drama *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana?
- 2) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun pangajaran paguneman di kelas V SD?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan miboga tujuan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsiun naskah drama, dumasar kana stuktur drama tur patalina pikeun pangajaran paguneman di kelas V SD.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan sacara husus dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsiun:

- 1) Struktur carita (téma, plot/alur, palaku, latar, jeung amanat) jeung struktur naskah (prolog, dialog, babak, episode, adegan, wawancang, solilokui, aside, jeung épilog) dina naskah drama *Geber-Geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana;
- 2) larapna panalungtikan pikeun pangajaran paguneman di kelas V SD.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan miboga mangpaat anu dibagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan tangtu moboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan karya sastra barudak hususna génré naskah drama.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Anapon mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) pikeun anu nalungtik, bisa jadi référensi pikeun panalungtikan satulunya nu aya patalina jeung sastra murangkalihihususna génré naskah drama tina segi struktural;
- 2) pikeun guru, dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan naskah drama barudak pikeun pangajaran di sakola;
- 3) pikeun siswa, dipiharep bisa dipaké media pikeun numuwuhkeun karesep tur karepna kana sastra hususna génré naskah drama tur bisa neuleuman ajén-inajen dina eusi naskah drama;
- 4) pikeun masarakat, dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan naskah drama barudak sacara ringkes, sarta jadi motivasi pikeun maluruh widang sastra hususna pikeun barudak.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan naskah drama, struktural, bahan pangajaran, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

BAB III Métodeu Panalungtikan, eusina ngabahas ngeunaan métodologi panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan déskripsi naskah drama, analisis struktural, jeung larapna bahan pangajaran dina pangajaran paguneman di kelas V SD. Dina ieu bab dipedar sageblengna hasil tina analisis panalungtikan anu dilaksanakeun.

BAB V Kacindekan jeung Saran, eusina mangrupa bagian pamungkas tina skripsi, nyaéta kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran nu ditepikeun keur nu maca. Éta saran téh tujuanna sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.

